

Gid Resous pou Fanmi South Bronx Literacy Academy, SBLA

South Bronx Literacy Academy

SBLA se yon lekòl otonòm ki nan Bronx ki fèt espesyalman pou sèvi elèv ki gen difikilte pou aprann li epi ki ka gen risk pou gen disleksi ak difikilte nan aprantisaj ki gen rapò avèk langaj. Dapre rekòmandasyon Asosyasyon Disleksi Entènasyonal (International Dyslexia Association) la, SBLA ap ofri ansèyman entansif nan salklas nan literacy estriktire - bay ansèyman ki klè, sistematik ak milti-sansoryèl nan konpetans ak lòt eleman enpòtan nan literacy, tankou vokabilè, konpreyansyon lekti, ak redaksyon. Anplis, SBLA pral entegre pratik konsistan ak objektif pou sipòte aprantisaj sosyal emosyonèl ak kapasite fonksyonman egzekitif pou satisfè bezwen elèv ki gen difikilte pou aprann lang sa yo.

Lekòl la se yon patenarya ant Lekòl Leta Vil Nouyòk ak [Literacy Academy Collective](#), yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ke paran elèv ki gen disleksi fonde.

Enskripsyon

Pou ane lekòl 2023-24 la, SBLA pral ofri plas pou elèv 2yèm ak 3yèm ane. Chak ane apre sa, lekòl la espere ajoute yon klas jiskaske li rive gen kapasite yon lekòl 2yèm rive 8yèm ane.

Nou ankouraje fanmi elèv 1ye ak 2yèm ane pou aplike pou ane lekòl 2023-24 la. Y ap fè evalyasyon lekti pou tout elèv pou detèmine si yo elijib pou admisyon nan lekòl la. Nou ankouraje elèv sa yo pou aplike pou admisyon nan SBLA:

- Nenpòt elèv ki nan klas 1ye oswa 2yèm ane kounye a ki gen difikilte yon fason konsistan pou fè pwogrè awopriye nan lekti; oswa
- Nenpòt elèv ki nan klas 1ye oswa 2yèm ane kounye ki gen yon dyagnostik fòmèl disleksi dapre yon evalyasyon nerosikolojik / neropsikoedikasyon oswa sikolojik / sikoedikasyon.

Yo ankouraje ni elèv edikasyon jeneral ni elèv ki gen yon pwogram edikasyon endividyèl (individualized education program, IEP) pou aplike.

Modèl enstriksyon

SBLA se yon lekòl ki konsantre sou literacy ki dire omwen 90 minit pa jou nan ansèyman ki fèt nan ti gwoup pou anseye teknik ansèyman pou lekti lè li sèvi avèk Preventing Academic Failure (PAF), yon apwòch estriktire literacy , sistematik, byen, ak milti-sansoryèl yo fè chak jou. Matematik tou fèt an sekans ak sistematik, avèk modèl ki konsistan pou ede elèv devlope konpreyansyon konsepsyon ak sans nimewo. Y ap anseye kijan pou fè redaksyon atravè matyè debaz syans ak syans sosyal. Y ap entegre devlopman langaj oral ak ansèyman vokabilè pandan jounen an. Anplis sipò lang sa yo nan tout lekòl la, SBLA ap bay sipò nan tout lekòl la pou aprantisaj sosyal-emosyonèl (social-emotional learning, SEL) ak pou fonksyonman egzekitif (EF), tankou anseye elèv konpetans, estrateji, ak langaj komen nan SEL ak EF. Konsa, eleman sa yo ap byen entegre pandan jounen lekòl la.

Tout salklas yo nan SBLA se klas ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching) pou elèv edikasyon jeneral ak elèv ki gen IEP. Chak salklas ap gen de pwofesè aplen tan (1 edikasyon jeneral ak 1 edikasyon espesyal) ak pa plis pase 18 elèv. Anplis, lekòl la ap bay sèvis ki ede avèk bezwen espesyal ki nan IEP elèv la nan lekòl la, ladan terapi pwonosyasyon ak okipasyonèl, counseling.

Pwosesis admisyon pou ane lekòl 2023-24

Etap 1) Aplike kounya a! Paran elèv 1ye ak 2yèm ane kounye a ka aplike nan youn nan 3 fason sa yo:

1. Sou entènèt atravè www.MySchools.nyc
2. Ale nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center)
3. Rele 311

Etap 2) Detèmine Elijbilité pou lotri admisyon an

1. Elèv ki gen yon dyagnostik fòmèl dislekzi, otomatikman elijib pou lotri a.
2. Y ap konsidere tout lòt elèv avan dapre Acadience Benchmark, epi apresa, dapre nòt yo fè, yo ka envite elèv la pou lòt evalyasyon.
 - a. Y ap envite elèv ki fè nòt nan 16yèm percentile oswa pi ba nan Acadience Benchmark la pou yon lòt evalyasyon.
 - b. Elèv ki fè nòt pi wo pase 16yèm percentile nan Acadience Benchmark la pa pral patisipe okòmansman nan lòt evalyasyon, men yo ka mete yo sou yon lisdatant ann atandan gen plas disponib.
 - c. Elèv yo envite pou yon lòt evalyasyon ap ka rankontre avèk yon sikològ nan lekòl la pou yon evalyasyon anpèsòn. Elèv yo ap patisipe nan tès pou dekode mo, lekti pseudomo (ki pa gen sans), ak ôtograf pou detèmine si yo elijib pou lotri admisyon an.

Etap 3) Òf pou admisyon nan SBLA pou septanm 2023

Tout aplikan ki elijib yo ap antre nan lotri admisyon an. Y ap voye lèt òf yo nan mwa jen.

Ransèyman:

Pou jwenn plis enfòmasyon sou South Bronx Literacy Academy, ale sou [sitèb eb nou an](#) oswa kontakte direktyè pwogram lekòl la, Bethany Poolman nan bpoolman@schools.nyc.gov.